



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EFÒ PREVANSYON KONT KANSÈ ETA POU
PWOTEJE PONPYE YO AK FANMI YO PANDAN MWA KONSYANTIZASYON SOU
KANSÈ PONPYE YO**

Pwotokòl dekontaminasyon ki fèk anonse a redui ekspozisyon ponpye yo fas ak kontaminan toksik yo a 85 pousan

Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta a ogmante kou ak fòmasyon pou enkli edikasyon konsyantizasyon ak prevansyon kont kansè

Sesyon yo pral kòmanse nan Depatman Ponpye lokal la semèn sa a, pandan y ap distribye kit dekontaminasyon ak materyèl edikatif gratis

Yo pibliye [videyo](#) edikatif pou ogmante konsyantizasyon sou risk kansè ponpye yo ap fè fas ak detaye pwotokòl dekontaminasyon yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) Eta a pral kòmanse nouvo efò konsyantizasyon pou ede pwoteje ponpye New York yo ak fanmi pa yo kont menas kansè. Ofisyèl Ponpye Eta yo okòmansman te lanse yon pwogram sansibilizasyon ki menm jan an nan kòmansman ane 2020 an, ke yo te sispann akòz pandemi an. Nouvo inisyativ sa a kowenside ak Mwa Konsyantizasyon kont Kansè Ponpye Janvyè a, sa ki ogmante konsyantizasyon sou sèvis ponpye yo sou fason pou devlope pwotokòl vital pou prevansyon kont kansè, epi pou sipòte moun ki deja resevwa yon dyagnostik kansè nan depatman ponpye pa yo.

"Ponpye eta yo riske pwòp lavi ak sekirite yo yon fason brav chak jou pou pwoteje Nouyòkè parèy yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Malerezman, kansè se yon menas grav pou sante ak byennèt tout manm sèvis ponpye nou yo, epi nou pran angajman pou asire ke ewo sa yo gen konsèy ak enfòmasyon ki pi ajou pou yo ka jwi yon karyè long, ki an sekirite epi viv yon vi an sante."

Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Fanm ak gason brav sèvis ponpye New York la pwoteje nou kont danje chak jou. Sepandan, twòp lavi ponpye ap pèdi nan kansè. Pandan Mwa Konsyantizasyon kont Kansè Ponpye a, n ap ogmante efò pou edike sèvis ponpye a epi diminye risk

ekspozisyon yo fas ak kanserijèn yo jwenn nan lafimen. Mwen fyè de ekip Ponpye Eta nou an paske y ap dirije inisyativ sa a, pou bay sesyon fòmasyon an pèsòn ak distribye kit dekontaminasyon bay depatman ponpye yo atravè eta a."

Etid yo montre ponpye yo gen yon risk kansè pi wo pase piblik la an jeneral, lajman akòz ekspozisyon yo fas ak yon nivo ogmantasyon toksin yo te jwenn nan lafimen nan estrikti ensandi yo. Pou asire ke ponpye New York yo pa sèlman okouran de menas sa a, men tou konnen kijan pou yo limite pwòp risk pa yo, ofisyèl Ponpye Eta yo te devlope pwotokòl debaz pou dekontamine ekipman ponpye yo apre yon apèl repons epi yo pral vwayaje atravè eta a pou ankouraje itilizasyon yo pa ponpye yo. Rechèch yo montre ke manm sèvis ponpye yo ka pran mezi ki senp epi ki pa chè pou diminye ekspozisyon yo, ansanm ak pwoteje fanmi yo, fas ak toksin ak lòt kanserijèn jiska 85 pousan.

Ofisyèl Ponpye Eta yo te kòmanse travay ak konte atravè eta a pou pwograme klas Rediksyon Kontaminasyon ak Prevansyon Kansè pou Ponpye yo. Nan reyinyon sa yo, Ponpye Eta pral distribye kit dekontaminasyon ponpye bay patisipan yo. Kit sa yo genyen enfòmasyon sou dekontaminasyon imedyatman apre repons ensidan an ak atik, tankou yon bokit senk galon, sèvyèt apre dife, kawotchou, detèjan, bwòs, ak boutèy esprey.

Administratè Ponpye Eta New York la, Jim Cable, te deklare, "Nou kontan kontinye pwogram nou an k ap edike manm Sèvis Ponpye Eta a sou etap imedya yo ka pran pou pwoteje tèt yo apre yon repons fas ak yon ensidan. Malerezman, kounye a kansè se kòz prensipal lanmò ponpye nan nasyon an. Objektif nou se diminye maladi okipasyonèl nan edike frè ak sè nou yo nan sèvis ponpye a sou mezi espesifik yo ka pran pou diminye ekspozisyon fas ak kontaminan yo ak diminye risk sou sante yo."

Si yo pa byen dekontamine ekipman pou ponpye apre yon dife, ponpye yo riske ekspoze pwodui chimik danjere nan kay ponpye pa yo ak nan pwòp kay yo, sa ki kapab lakoz domaj pou kòlèg travay yo ak manm fanmi yo. Dapre de etid ki te fèt pa Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay (National Institute for Occupational Safety and Health, NIOSH), yo ap dyagnostike ponpye yo kounye a ak kansè nan yon pousantaj ki prèske 10 pousan pi wo pase piblik la an jeneral epi fè eksperyans lanmò ki gen rapò ak kansè nan yon pousantaj ki prèske 15 pousan pi wo.

Pou konbat tandans sa yo, DHSES ak OFPC te etabli pwotokòl debaz ki pa chè ki pral kontribiye yon fason sinifikatif nan limite ekspozisyon ponpye yo fas ak pwodui chimik danjere ke yo souvan jwenn nan lafimen.

Si yo ekspoze pandan yon repons, ponpye yo ta dwe:

- Fè yon dekontaminasyon an gwo sou plas, sispann ekspozisyon an, epi sispann pwopagasyon kontaminan nan aparèy la ak estasyon an.
- Pandan yo sou plas la, sèvi ak sèvyèt apre dife pou diminye ekspozisyon yo.
- Benyen pi vit ke posib epi mete rad pwòp.
- Lave zouti, ekipman, ak aparèy apre dife.

- Transpòte ekipman nan resipyan ki pa pèmeyab tankou yon sak fatra transparan.
- Mete sèlman ekipman pwòp, ki gen ladan kagoul.

Apati mwa sa a, ekspè Eta yo pral vwayaje atravè Eta New York pou pote pwotokòl sa yo dirèkteman bay ponpye yo atravè sesyon edikatif an pèsòn nan depatman ponpye lokal yo. Nan chak sesyon, ponpye yo pral wè yon demonstrasyon an dirèk sou nouvo pwotokòl dekontaminasyon yo, yon nouvo videyo edikatif ki detaye pwotokòl yo ak risk ponpye yo ap fè fas epi yo pral gen yon opòtinite pou yon Q&A (Kesyon & Repons) ak pèsònèl OFPC yo ki enplike nan devlope pwotokòl yo. Anplis de sa, OFPC ap elaji lis klas konplè li a ak fòmasyon pou lite kont ensandi pou mete yon seksyon sou konsyantizasyon kont kansè ak edikasyon prevansyon.

Nouvo sesyon yo ap pwograme sou yon baz kontinyèl. Ponpye k ap chèche patisipe oswa òganize yon sesyon edikatif ka wè [kalandriye fòmasyon](#) Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta oswa kontakte kowòdonatè ensandi konte pa yo.

Enfòmasyon sou Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta a

Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi a bay ponpye yo, sekouris ijans yo, ajans gouvènman lokal ak eta yo, inivèsite piblik ak prive yo, ak sitwayen New York yo yon bann sèvis pou ede asire sekirite tout moun ki enplike. OFPC a fè sekirite piblik la pwogrese atravè pwogram fòmasyon ponpye, edikasyon, prevansyon ensandi, anketè, pwogram operasyon espesyal ak teknik sovtaaj.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [Twitter](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sit entènèt](#) nou an.

###